

SOSYETE KOUKOUE AN AKSYON

Nan kad seri pwofil nou pran abitid prezante lektè nou yo, jodi a, nou pral dekouvrir cheminman pwofesyonèl Luna Gourgue, ansyen Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen. Tankou Luna di nou li : «Se nan pòs sa a, veritab fonksyon kreyolis mwen pral pran chè tout bon vre. Mwen tounen bra dwat Akademisyen yo ak Konsèy Administrasyon an.»

Koutflach sou Luna Gourgue, ansyen Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen

Luna Gourgue sou plan pwofesyonèl

Mwen rele Luna Gourgue, mwen fèt Pòtoprens nan ane 1956. M se ansyen Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen, m se Pwofesè Inivèsite an Ayiti, kote m anseye Pedagoji ak Didaktik Lang, Kreyòl ak franse Administratif. Anplis, m se konseptè pedagojik, animatè seminè fòmasyon pou pwofesè lang, revizè lengwistik franse ak kreyòl epi ankadrè etidyan ki ap prepare memwa yo nan Syans Edikasyon.

Mwen etidye Ekòl Nòmal Siperyè (seksyon lèt) ak Fakilte Lengwistik Aplike an Ayiti. M fè yon Metriz an Edikasyon pou Fòmasyon Long distans, yon lòt an Medyasyon edikatif epi m fè yon Etid Avanse nan Didaktik Lang.

M pase plizyè lane ap anseye literati nan lekòl segondè anvan m rantre nan ansèymen siperyè ak nan Inivèsite nan ane 1994. M pase 6 lane ap kowòdone kou franse nan fakilte yo pou Fakilte Lengwistik Aplike, pou mwen mete etidyan yo nan pi bon nivo an franse. M te travay kòm Responsab Pedagojik nan MENFP nan yon Pwogram espesyal (PRONEI), pou élèv ki twò gran pou sistèm nan pou yo boukle etid primè yo nan kat, senk (4.5) lane. M pase senk (5) lane kòm Direktris Etid ak Rechèch nan Institut Supérieur de Formation Politique et Sociale (ISPOS). Nan lane 2012, m rantre nan Rektora Inivèsite Leta Ayiti kòm Chaje misyon, kote m kowòdone travay Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen. Nan ane 2015, m resevwa nominasyon mwen kòm Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) kote m pase nèf (9) lane ak kèk mwa (Janvye 2015-Me 2024) jis mwen mande panson mwen pou ale pran retrèt mwen.

Luna Gourgue sou ban Fakilte Lengwistik Aplike

Depi nan travay kòm pwofesè literati (franse ak ayisyen), pandan mwen t ap etidye nan Fakilte Lengwistik Aplike, mwen chanje woutin ansèymen literati ayisyen an. Se konsa, mwen entwodui sistematiske nan plan kou literati mwen, etid zèv kreyòl kontanporen (woman, teyat, pwezi ak nouvèl) depi nan klas twazyèm rive nan klas retorik. Kou Literati ayisyen te sitou fèt an kreyòl.

Se nan Fakilte Lengwistik Aplike, fonksyon kreyolis mwen koumanse ; m pral travay tout bon vre pou vansman lang kreyòl ayisyen an. M patisiye nan plizyè aktivite kòm etidyan : ankèt, tradiksyon, rechèch (1980-1984). Nan ane 1994, apre etid metriz la, mwen rantre nan FLA kòm pwofesè chèchè pandan m ap anseye franse ak kreyòl nan fakilte Leta yo anba siphèvizon Dwayen Pierre Vérnet. An 2018, Dwayen an mete m kowòdonatè kou yo nan fakilte Leta yo epi manm komite preparasyon aktivite kenzèn kreyòl nan okazyon celebrasyon Lang ak kilti kreyòl. Nan Inivèsite a, kote m anseye Kreyòl, mwen tou prepare epi entwodi yon etid sosyolengwistik sou sitiayson Ayiti pou motive etidyan yo san konte mwen travay ak tèks kreyòl ki gen rapò ak domèn etid etidyan yo selon fakilte yo pandan mwen ankouraje pwodiksyon yo nan lang kreyòl.

Esperyans sa yo déjà mete m sou ray pwomosyon ak defans lang kreyòl epi prepare m pou mwen travay ak Komite pou tabli Akademi Kreyòl ayisyen an nan Rektora Inivèsite Leta Ayiti.

Luna Gourgue nan Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen. (2012-2014)

Nan ane 2012, mwen reponn yon avi Rektora Inivèsite Leta a ki t ap chache yon chaje misyon nan Vis Rektora pou Rechèch, ki pou travay ak Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen. Travay la te atire m, paske lide defann lang kreyòl la te pi fò pase salè yo te pwopozé m lan ; anplis, m te toujou gen posiblité kenbe pòs mwen kòm pwofesè nan Inivèsite a. Se konsa, mwen rantre nan yon travay dinamik ki fè m santi m nan bòl grès mwen ak yon ekip moun estwòdinè. Esperyans sa a ban mwen anpli satisfaksyon pèsonèl : m pa sèlman prepare rankont komite a, fè rapò, tabli kontak ak otorite peyi a, kowòdone travay sou Lwa kreyasyon Akademi an, mwen antreprann demach ak rektora a pou publikasyon Lwa Akademi an, m kowòdone revizyon epi publikasyon Ak Kòlòk Akademi Kreyòl, 2011, epi m prepare rekrítman epi enstalasyon premye Akademisyen yo. Se te yon peryòd eksitasyon ak defi san pran souf. Mwen t ap evolye nan yon anbyans wòdpòt avèk anpli moun pasyone, ki t ap bay tan yo san lajan, pou yo defann yon koz ki enpòtan pou peyi yo. Se nan pasaj mwen nan rektora Inivèsite a, m pral apresye kolaborasyon mwen avèk ekip moun devwe sa yo. Se yon plezi pou m te travay avèk yo. Pi bél esperyans mwen pral viv nan vi mwen, se nan Palman ayisyen an, nan ane 2013, kote yo pral vote Lwa kreyasyon Akademi an nan Chanm Depite a. Tout Depite vote wi. Se te bél anbyans, akolad, salitasyon ak konpliman pou ekip komite a ki te fè deplasman an avèk mwen. Mwen sonje Defen Claude Pierre ak Pierre Michel Chery epi Pauris Jean Baptiste ki te nan asanble a, kote nou t ap viv an dirèk vòt istorik sa a. Pwojè Lwa a te an franse ak an kreyòl men se vèsyon kreyòl la Depite yo te chwazi vote. Lè yo pibliye Lwa nan Le Moniteur, m kouri al pote nouvèl la bay Akademisyen Fritz Deshommes ki louvri de (2) bra ban mwen. M sonje

Akademisyèn Adline Chancy nan yon reyinyon ki leve pou bat bravo, tout moun suiv li epi li di fò nou fete sa. M p ap janm bliye eksitasyon ak kontantman pou nou prepare rekrítman ak seremoni enstalasyon Akademisyen yo. Misyon komite a ta pral bout apre enstalasyon an. Anpil manm Komite te gen lonè vini Akademisyen.

Luna Gourgue, Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen. (2015-2024)

Premye Konsèy Administrasyon Akademi an te chwazi mwen kòm Premye Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen, dapre kalifikasyon mwen, men sitou daprè espèryans mwen te fè pandan de (2) lane nan komite a.

Se nan pòs sa a, veritab fonksyon kreyolis mwen pral pran chè tout bon vre. Mwen tounen bra dwat Akademisyen yo ak Konsèy Administrasyon an. Mwen se resous pèmanan, fonksyonè Leta ki dwe fè bwat la mache. Se gwo defi. Mwen santi tout je fikse sou mwen, mwen pa ka fè fo pa. Konsa, m pa gen jou, m pa gen lè pou mwen travay. Espèryans mwen nan enstisyon an, se yon misyon estwòdinè. Pou mwen, AKA se te yon ti bebe mwen ede pouse soti deyò ; kidonk, mwen sansib pou li, m pa ta vle anyen rive li, m ap veye adwat agoch pou li pa tonbe nan koze kremòl, e pou li byen parèt. Akademisyen yo sou yon pyedestral.

Vizyon Akademisyen premye peryòd la se te fè pledwaye pou fè konnen misyon AKA. Konsa, mwem te nan tout pwovens ak Akademisyen yo ak ekip Sekretèya Egzekitif la nan okazyon celebrasyon lang ak kilti kreyòl epi celebrasyon Lang maman. Mwen nan tout Ministè, Palman, ONG pou fè konnen AKA, misyon li ak travay li. Mwen nan radyo, televizyon, nan Inivèsite prive kou publik pou mwen anime konferans, atelye pou fòmasyon pwofesè, etidyan, journalis...

Moman aktivite san pran souf yo se sitou mwa celebrasyon Lang (Oktòb ak Fevrile), mwa Asanble jeneral Akademisyen (Desanm ak Jen) mwa ane fiskal (septanm). Gen peryòd espesyal, kote gen atelye Akademisyen sou diferan sijè (Rezolisyon sou ôtograf, Regleman entèn, rekrítman Akademisyen, plan estratejik, pwodiksyon dokiman teknik...) ki mande tou konkou Sekretèya Egzekitif la. Nan kad celebrasyon Lang se sitou Direksyon Kominikasyon AKA ki pi okipe. Nan moman Asanble jeneral yo, se sitou Komisyon Akademisyen yo ak Direktrè yo ki nan konba, nan ka fèmti ane fiskal se Direksyon Administrasyon ki nan monte desann. Nan ka atelye se Direksyon syantifik ki pi aktif... Tout diresksyon yo travay anba sipèvisyon Direktrè yo, men Sekretè Egzekitif la pa ka pa voye koudèy pa li, paske si gen mankman se sou responsabilite li erè yo pral tonbe. Se pou sa, nan moman sa yo, kòm Sekretè Egzekitif, m pa gen dòmi nan nuit. « Sa pa fè anyen, m va poze apre, fò bagay yo byen pase » se konsa m jere fatig ak estrès yo. Se yon satisfaksyon pou mwen lè radyo, televizyon ak jounal peyi a ap montre travay Akademi Kreyòl ap reyalize sou teren an.

Luna Gourgue, ekriyen lang kreyòl

Pasyon Luna Gourgue se Lekti ak ekriti. Mwen renmen li anpli epi gen moman se ekri mwen ekri. Se pou sa, m gen plizyè liv ki nan kouti, ki poko jwenn okazyon publikasyon.

Pandan mwen pran retrèt mwen an, m plis konsakre tan mwen nan ekriti.

M ap revize epi konplete kèk zèv ki nan kouti:

1- « Marasa Sent An » Woman : se yon pwodiksyon m ap finalize pou publikasyon;

2- « Rekèy bél Istwa lavi » Liv istwa kout, sa nou rele Nouvèl nan narasyon literè; se yon ansanm istwa ki dwe fè moun pantan.

M gen lide retounen sou kèk pwojè ekriti ki ap dòmi nan tiwa depi lontan :

1- « Rekèy tèks kreyòl sou koutim ak pratik kiltirèl peyi nou » se pwodiksyon etidyan UEH pou élèv lekòl, sou direksyon Luna Gourgue ;

2- « Kou didaktik lang pou Etidyan nan Syans edikasyon ».

Se avèk anpli kè kontan, mwen pataje avèk nou divès etap nan lavi pwofesyonèl mwen. Prezantman, se karyè ekriyen mwen, mwen plis ap okipe. Pa gen pi bél moman pase laretèt pou mwen louvri paj tou nèf sa a nan lavi mwen. Anvan lontan, nou ap genyen posiblité li, premye woman an : Marasa Sent An.

Jean-Jacques Dessalines: Fondatè Ayiti Lib e Endepandan

Ak: Henri-Robert Durandisse

17 oktòb 1806 make yon jou jou enpòtan nan listwa Ayiti. Nan dat sa a, yo te asasinen Jean-Jacques Dessalines, ewo revolusyonè epi gadyen diyite pèp ayisyen an. Kòm premye Anperè Ayiti, Dessalines te gen kouraj ak vizyon pou li mennen peyi a sou wout endepandans. Batay li kont lopresyon ak esklavaj pa te sèlman pou peyi li, men pou tout moun ki te ap soufri anba sistèm kolonyalis la.

Vizyonè ak lidè revolusyon

Jean-Jacques Dessalines te antre nan batay la ak yon misyon klè: kraze chenn esklavaj la, libere tout pítit peyi a, epi garanti libète pèp ayisyen an. Avèk detèminasyon epi fòs revolusyonè li yo, li pote viktwa istorik kont fòs kolon franse yo. Gras ak Dessalines epi sòlda revolusyonè yo, Ayiti vin premye republik nwa endepandan nan monn lan an 1804. Viktwa sa a te depase fwontè Ayiti. Li te yon sous enspirasyon pou pèp ki ap lite pou libète ak diyite.

Angajman pou libète ak pwogrè sosyal

Pou pèp ayisyen an, Dessalines pa te sèlman yon lidè; li se yon senbòl kouraj ak fyète. Li toujou rete fèm nan kwayans li, esklavaj pa te ka eggiste nan yon sosyete ki vle pwogrè. Fraz "Libète oswa lanmò" li a pa te yon senp deklarasyon, se yon verite pwofon pou tout moun ki vle viv lib. Chak aksyon li te montre angajman san parèy li pou libète pèp li, menm lè lavi li te an danje.

Li te gen yon vizyon pou Ayiti, kote ansyen esklav yo ta vin pwopriyetè tè, devlope ekonomi an, epi viv ak diyite. Dessalines te vle garanti libète pèp la, fizikman epi ekonomikman. Posede tè te youn nan kle pou Ayiti rete lib.

Erè estratejik ak sakrifis li

Malgre anpil viktwa, lavi Dessalines pa te fasil. Nan dat 17 oktòb 1806, yo te asasinen li, e yo di se rival li yo, Alexandre Pétion ak Henri Christophe, ki te fè konplò a. Rèv li pou yon Ayiti ki ini epi puisan te kraze, men eritaj li toujou vivan nan kè tout Ayisyen ki ap chèche yon demen miyò. Chak ane, moun onore sakrifis li yo ak kontribisyon li pou nasyon an.

Lidèchip Dessalines nan revolusyon an te inik. Li te konprann libète fizik se sèlman premye etap la. Batay reyè la te pou diyite, respè ak egalite pou tout moun, san distensyon koulè ni orijin. Li pa te pè pran desizyon radikal pou li elimine enflyans kolon ki te ap menase libète pèp li a. Aksyon li yo toujou rete yon modèl kouraj nan lit pou libète atravè lemonn.

Enpak fraz "Koupe tèt, boule kay"

Fraz "Koupe tèt, boule kay", Jean-Jacques Dessalines te itilize pandan revolusyon an, te souvan jwenn kritike tankou yon apèl alavyolans. Men, pou Dessalines, li te yon rèl kont britalite ak dezimanasyon sistèm esklavaj la. Li te voye yon mesaj klè pou lemon, esklavaj ak opresyon pa ta dwe eggiste nan yon sosyete ki vle pwosperite, egalite ak fraternite. "Tèt" la reprezante kolon ak chèf esklavajis yo, alòske "kay" la senbolize pwopriyete ak enstisyon kolon yo. Dessalines te konprann eliminé totalman sistèm esklavaj la te nesesè pou li garanti libète pèp ayisyen an.

Fraz sa a te gen yon gwo enpak sikolojik sou ansyen esklav yo. Li te ranfòse detèminasyon yo pou yon chanjman total, san okenn retou nan ansyen sistèm lan. Dessalines te montre li pa te ap aksepte yon ti chanjman oswa yon solisyon rapid; li te vle yon Ayiti totalman lib epi inifye, san okenn fòs ekstèn pou menase souverènè peyi a.

Yon modèl kouraj ak jistis

Malgre lavi Dessalines te sispann twò bonè, vizyon li pou yon Ayiti lib epi egal-ego pou tout moun ap kontinye enspire pèp ayisyen an. Eritaj li toujou ap viv nan kè epi nan namn pèp la, e li kontinye sèvi kòm yon modèl kouraj epi detèminasyon pou tout moun ki ap lite pou libète.

Biyè lektè yo

Onè Respè
Onè Kaptein Koukouwouj
Monchè!
Mèsi pou mesaj la.

Monchè, mwen pa kwè w ap etone pou m di w jan mwen pran anpil plezi nan lekti tèks dòk Dorséna Dorzilmé a.

Mwen kontan konstate jan misye byen sèvi avèk plizyè bon pwovèb kreyòl ayisyen pou li devlope divès aspè "Jesyon kriz pèsonèl oswa pwofesyonèl".

Mwen bat bravo pou jan misye pran tan analize divès sitiyasyon kriz epi montre valè mesaj pozitif divès pwovèb ki kapab ede jwenn bon solisyon.

Mwen swete anpil moun li atik sa a epi reyisi apresye kouman anpil pwovèb kreyòl ayisyen yo chaje ak sajès ki pran sous nan filozofi popilè pèp la.

Dòk la chwazi kèk pwovèb li entèprete nan sans pou yo byen marye avèk bon kalite solisyon pou sòti nan kriz. Mwen panse misye fè chwa sa a pamí anpil lòt pwovèb ki kabap byen sèvi pou ede sòti nan kriz pèsonèl, pwofesyonèl epi kolektif tou.

Dorzilmé fè m pèsonèlman dekoutri 2 pwovèb. Se konsa gen lòt moun ki konnen anpil pwovèb ayisyen ki bon pou gide nou nan divès sitiyasyon, kote nou pa bezwen se sèlman pwovèb franse, angle oubyen sila yo ki sòti nan lòt kilti ki kapab ede pou byen viv avèk sajès. Chapo-ba pou atik dòk Dorséna Dorzilmé a.

Plis genyen otè ki ap fè kalite travay pwomosyon patrimwàn pwovèb-sajès kreyòl ayisyen yo, sitou pou mete yo nan pratik lavi toulejou, plis genyen jounal ak lòt medya ki ap soutni travay sa a, se plis sa ap ede nou sòti nan kriz epi pèmèt developman pèp ayisyen toutbonvre.

Kenbe fò!
Bergman
Bonjou Bergman,

Mèsi anpil anpil pou tan ou pran pou ou reyaji sou tèks Dokte Dorzilme a. Kalite mesaj ale vini sa yo, nan mitan noumenm atizan kreyòl, se yon eleman enpòtan nan developman relasyon ki ap pèmèt nou kontinye aprann ansanm yonn nan men lòt. Nan pataje lide nan fason nou ap fè li la a, nou ap fasile transfè lakonesans ki esansyèl nan developman tout pèp. Genyen kote nou ap dakò, genyen kote nou ka pa dakò. Men se dezakò yo tou, ki pral ban nou plis limyè pou nou vanse pi devan nan travay nou kòm atizan Kreyòl. Nou dwe kontinye pale ansanm